ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№83 (21.491) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● ГуфІэгъуэ пэкІуэр

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм кірихьэлІащ КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен, Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрей.

ГугъапІэфІхэр зрапх махуэ

«Зыуэ щыт Урысей» политикэ партымрэ профсоюзхэмрэ я жэрдэмкІэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэм теухуа зэхыхьэхэр ди къэралым кьыщыщэрагъэпэщащ. Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий-рэ Правительствэм и Унафэщі Путин Владимиррэ иджырей кризис гугъуехьым кьыхэзыхэкІын Іуэхугъуэхэу кьыхалъхьаэр щыдаІыгъ пэкІуэр щыпІэ куэдым щрагъэкІуэкІащ. Абы жьыджэру хэтахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балькъэрри.

Накьыгъэм и 1-р, Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ я махуэ лъапІэр, дэ кьыддокІуэкІ пщІэ хуэтщІу, насыпрэ фыгъуэкІэ дыщыгугъыу.

Сыт хуэдэ зэхьэжьыныгъэхэр екІуэкІми, ар фІыуэ ялъагъу махуэшхуэу кьонэж.

Мы гъэм, гуфІэгъуэм хэтыну гукьыдэж зыщІахэр, ищ ита ильэсхэм нэхьрэ куэдкІэ нэхьыбэт. Хабзэ зэрыхьуауэ, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м Къэбэрдейр Урысейм зэрыхьыхьэрэ ильэс 400 зэрырикъум и щІэкІэ щыІэ утым деж щыІэхуэсат махуэ щІэращІэм и зэхэублакІуэхэр, интеллигенцэр, къэралыгъуэкІапІэхэм, парт, жьлагъуэ зэгугъэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, ветеранхэр, а псоми я гукъыдэжыр кьэзыІэт щІалэгъуалэр.

МАХУЭШХУЭ Іуэхугъуэм щІидзащ. Налшык къалэм Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрамым ирикІуэ студентхэм, еджакІуэхэм, ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэм, гуфІэгъуэм кьірихьэлІа псомя я гурыгъуэ-гурыщІэхэр кьиэзрыщ, республикэм и Президентым и Іуэхущіафэхэр зэрыдаІыгъыр кьиэзыхэщ плакатхэр щІалэгъуалэм яІыгът, лъэпкъ фащэхэмкІэ хуэпа, гъуаздж-эм и лэжьакІуэхэм я лІыкІуэхэм гукъыдэжыр нэхьри кьалЭтырт.

Удэ гъэгъа, шар гъэпща щхьэжькІэпІыкІэхэр армырами щІэращІэ гъатхэ пщэдджыжьым нэхьри ягъэдахэрт. Сыт щыгъуи гукъыдэжыр кьэзыІэт, зэманым жьы дэмыхьу маршхэм еуэ духовой оркестыр кьірихьэлІамэ, щыхьэрым и уэрам нэхьыщхьэм ирикІуэхэм нэхьри жьыдэжрагъ, гушхуэныгъэ кьахилъхьэну, нэхъыжьхэм я гур дыхэхьэну, я лъэр жан ищыну кьыщІэкІынт, жьлІэу ущегупсыси кьыхэхуэрт.

ГуфІэгъуэм хэтхэр ЗэгурыІуэныгъэм и утым щынэсым, абыхэм кьахьхьащ КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей,** депутатхэр, министрхэр, кьулыкъущІэхэр. Абхъазым и цІэр зезыхьэ утым псори щызэхьхьащ.

КЪБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщІ **Тау Пщыкъан** гуфІэгъуэ пэкІуэ кьиэзІуихри, кьиэзхуэсахэм махуэшхуэмкІэ екъуэхуащ.

- Накьыгъэм и 1-р гуащІэрыпсэухэм я зэхьэлэгъэныгъэм и махуэ кьудейкъым. Ар лэжьакІуэ цІыхум и махуэщ икІи абы и пщІэр тхьумэнущ, - жиІащ профсоюз унафэщІым. Профсоюзхэр зи щхьэщыжакІуэ цІыхубзи, лэжьакІуэхэм иджырей кризис гугъуехьэхэр кьатемыхьэлъэн папщІэ яхуэзфІэкІ псори зэралжьынур, абы и лъэныкъуэкІэ кьагъэувхэр игъэнаІуэри, псалъэ иритащ Къанокъуэ Арсен.

Президентыр гуапэу екъуэхуащ гуфІэгъуэ пэкІум кьірихьэлІахэм. Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ я махуэм щыхубэм дежкІэ иІэ мыхьэнэр кьыхигъэщри, ди нобэрей гъащІэм хэлъ гугъуехьэм, ахэр зэфІэхьи, щІыхуэм я псэуКІэр нэхьри егъэфІэкІуэн я лъэныкъуэкІэ я мурадхэм кІэщІу кьытеуВыІащ.

- Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ, Мамырыгъэмрэ Зэкъэлэгъэныгъэмрэ я махуэшхуэм сыт щыгъуи гугъэфІхэр ирапх. Къэбэрдей-Балькъэрым и кьэкІуэнум дэтхэнэри фІыкІэ дыщогугъ, абы екъэлІа ди мурадэри зэрызэтехуэр си фІэщ мэхьу. Кьыгъэщыгъэр куэд мэхьу. Дызэхьэту, дэтхэнэми тхьэ жэуаплныгъэр кууу зыхэтщІэу яужь дихьэмэ, гугъуехьэр нэхъ псынщІэу кьиэздэнэкІыфынущ, ди плъапІэхэм дальэІэсыфынущ. Абы шэч кьытесхьэркъым, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Абы и псалъэхэм арэзы зэрытехьэр кьагъэлъагъуэу, ІэгуаущхуэкІэ пэджжащ утым кьыщызэхуэсахэр.

ЗыгъэІейтехэр, зыщыгугъэр кьыщагъэлъагъуэу пэкІум кьыщыпсэлъахэщ цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, транспортым, нэгъэущІ ІэнатІэхэми я лІыкІуэхэм. ПэкІум щыжаІахэм теухуа унафи кьащтащ.

ИужькІэ утыкур хуит хуащІащ махуэшхуэ концертым хэт артистхэм. Нэгузыужь Іуэхугъуэхэм ХьэтІохьущокьуэм и цІэр зезыхьэ жыг хадэм щыпащащ.

* * *

Махуэшхуэ зэхьихьэм хэта коммунистхэм Лениным и фэепІым деж пэкІу щрагъэкІуэкІащ. Ахэр тепсэлъыхьащ кьэралым, республикэм щыщыІэ щытыкІэм, икІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэ Іуэхугъуэхэм. Япэ игъэщІын хуейуэ кьалЫатахэм ящыщщ цІыхухэр егъэджэным, медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр пщІэнщэу кьыхуащІэу щытыным гулъытэ хэха зэрыхуащІыпхьэр. Апхуэдэуи ярысей экзаменыр кьеІукІ зэхьэжьКІынигъэхэр, зыІэ щыт хэрал экзаменыр кьемызэгъыу кьалЫатащ, Іулъхьэ тын-кьеІыхьным зэрырипІейтейри кьыхагъэщащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантиэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Жэуаплыныгъэм хагъахъуэ

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэІущІэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ.

АБЫ щедэІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым Мэз хозяйствэмкІэ и кьэрал комитетым нэгабэ и лэжьыгъэр зыхуэдамрэ 2009 - 2018 гъэхэм кьриубыдэу нэхъыщхьэу зрагъэхьулІэну зыщыгугъхэмрэ ятеухуауэ а Іуэхущіапіэм и унафэщІ Мэшыкъуэ Хьэсэнбий ищІа докладым.

ЗэІущІэм и пэм, Президентым кьиэзригъэлъэгъуамкІэ, мэз хозяйствэм и Іуэхуэхэр дяпэкІэ езы щыналъэхэм зэрахьожьнущ.

- Абы ди лэжьыгъэм зедгъэубгъуну Іэмал хъарзынэ кьыдет, ауэ тхьы жэуаплныгъэми хэпщІыкІыу хегъахьуэ. Мэзым пыщІа Іуэхуэхэр щызэфІэтхэКІэ, ар зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Мэшыкъуэ Хьэсэнбий и докладыр зэпкъраха нэужь, зытепсэлъыхьам теухуа унафэ кьащтащ.

ИужькІэ Президентым кьинщытащ министрхэм я пщэрылъэр зэрагъэзащІэр.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, абы и къуэдзэхэу **Тхьэзэплъыж Мурат, Дышэкі Мадинэ, Уэнаев Казым, Нечаев Дмитрий,** Къэрал комитетхэм я унафэщІхэр, кьалэ, район администрацІэхэм я Іэтащхьэхэр, куейм щыІэ мэз хозяйствэхэм я нэхъыжьхэр.

АРУАН Алий.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Газ уасэр зэрат хабзэщІэм депутатхэр егъэпІейтей

Правительствэм хухаха зэманым хиубыдэу КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм щыхэплащ «Щыхухэм унагъуэ Іуэхуфі къагъэсэбэп газыр къызэраутІыпщ щыкІэм теухуауэ» УФ-м и Правительствэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьыдигъэкІа Унафэ №649-р зэрагъэзащІэм.

МЫ ІУЭХУМ иужьрей зэманым республикэм и цІыхухэр хуабжьу егъэпІейтей. Нэхъ апэкІэ екІуэкІа зэІущІэм кьыщыщыпсальэм, Правительствэм кьыдигъэкІа унафэр гъэзэщІэным социальнэ зэныкъуэкъуэхэр кьиэзрядэкІуар кьыгъэлъагъуэри, КЪР-м и Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** УхуэныгъэмкІэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ комитетым и пщэ ирилъхьауэ щытащ газ уасэр тыным екьэлІауэ кьыкьэжьа гугъуехьхэр зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я Іэщагъэлэжьмрэ унафэщІхэмрэ щыгугъуу зэпхьрихыну. Апхуэдэу абы кьигъэуващ энергиеу кьагъэсэбэпым и мардэхэм, кьагъэсэбэпа газым и уасэр нормативхэм тету абонентхэм кьеІыхьным хуэгъэза законодательствэр зэпкърызыхьын, монополистхэм ирагъэкІуэкІ Іуэхуэхэр хабзэм кьыхэзгъэгъыр кьэзыщытэн икІи икІэщІыпІэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр зыубзыхун комиссэ ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр хэту кьызэрагъэпэщыну.

Къэгъэльэгъуаныхэщ иджыпсту зэтеува хабзэхэм гугъуехь куэд кьыхэзрашэм кьыхэкІыу республикэм и цІыхухэр Путин Владимир и жьлагъуэ Іуэхущіапіэм зэрыщытхъэусыхэр, абы теухуауэ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм зэрызыкьыхуагъаззэр.

Президиумым и зэІущІэм кьыщыхальхьа Іуэхум теухуауэ кьэпсэльащ «Къэбэрдей-Балькъэрым и кьэрал компанэ ведомствэ» ООО-м и кьэдэуэ КЪБР-м щыІэм и унафэщІым и япэ кьуэдзэ - «Къэббалькъэгаз» ООО-м и унафэщІым газыр кьэзыгъэсэбэпхэм ядэлэжьэнымкІэ и кьуэдзэ Николищэ Анатолий. Абы жиІащ дызэрыт илъэсым и япэ кварталым кьагъэсэбэпа газым и уасэр кьызэрыкэкІыр икІи нобэм ирихьэлІэу газым и уасэмкІэ щІыхуэр сом зы мелардэр мелуан 26-рэ зэрыхъур кьыхигъэщащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Муниципальнэ щІыналъэхэм я гъунапкъэхэр зэхъуэкІыным теухуа законопроектэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщыхальхьаэм ятеухуа Іуэху епІыкІэ пыухыкІа убзыхун мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещІ:

1. ЗэгурызыгъэІуэм комиссэ кьиэзгъэпэщын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым, законхэр кьыдэгъэкІынымкІэ жэрдэм кьаІэтыну хуитынигъэ зыбгъэдэлъ субъектэ законопроектхэр кьыхэзыльхьаэм, мы Іуэхум егъэщІылІа жылагъуэ зэгухэзныгъэхэм я лЫкІуэхэр хэту.

2. Іуэхум егъэщІылІа жылагъуэ зэгухэзныгъэхэм яхуэгъэувын зэгурызыгъэІуэж комиссэм хагъэхьэн папщІэ кандидатурэхэр 2009 гъэм нэкьыгъэм и 15-м нэсыху кьагъэлъэгъуэну.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм
мэлыжьыкьым и 29-м
№69-П-П

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщ

Урысей МВД-м накьыгъэм и 1-9 махуэхэм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным теухуа видеоконференц мэхьанэкьым и 29-м иригъэкІуэкІащ. Абы хэтащ къэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министр КЪБР-м щыІэ генерал-майор Томмчак Юрий, республикэ милицэм и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и адрей щыналъэхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым а Іуэхугъуэм гулытэ хэха щыхуащІ. Гъатхэмрэ Лжьыгъэмрэ я махуэр щагъэлъапІэм республикэ милицэм и лэжьакІуэхэм жьыдагъуэ щынагъэншагъэр къызэрагъэпэщащ, цІыху зэхуэсыпІэхэр я нэхъ щІэтащ.

Хабзэхьэмэхэм я кьаланэхэр щІэтэткІиныу мы махуэхэми ирахьэкІыныщ. Жьлагъуэ хабзэр дэІыгъыным ирагъэбыдыпІащ милицэм и лэжьакІуэхэм жьыдагъуэ щынагъэншагъэр къызэрагъэпэщащ, цІыху зэхуэсыпІэхэр я нэхъ щІэтащ.

Хабзэхьэмэхэм я кьаланэхэр щІэтэткІиныу мы махуэхэми ирахьэкІыныщ. Жьлагъуэ хабзэр дэІыгъыным ирагъэбыдыпІащ милицэм и лэжьакІуэхэм жьыдагъуэ щынагъэншагъэр къызэрагъэпэщащ, цІыху зэхуэсыпІэхэр я нэхъ щІэтащ.

Кьаланэ, хэхар, пщэрыпІэ зыщащІа Іуэхущіапіэхэмрэ Іэнатіэхэмрэ я Іэщагъэлэжьмрэ зэзыгъэуІу штаб МВД-м кьыщызэрагъэпэщащ.

Къэрал кІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.



Узыфэщіэм егъэгужьей

Кхъуэм кьыпкърыкІауэ кьалъытэ грипп лІэужьыгъуэщІэм кІуэ пэтми дуней зыщеубгъу.

Ар нэсащ къэрал 19-м. Испанием щыщу а гриппыр зыпкърытхэм я бжьыгъэр зы жэщ-махуэм хуэдитКІэ хэхуэри, цІыху 44-м нэсащ. Узыр къыщежьа Мексикэм а гриппым цІыху 578-рэ ирисмаджэщ, 22-рэ илыкІащ.

Мексикэм и президент Кальдерон Филипе дуней псор къыхуриджащ, къэралым зыщамыдзэину. ИтІани, узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэм и чэнджэщхэм емыдаІуэу, Мексикэм пыщІа авиагъэзэгъ псори зэхуащІащ Китайм, Аргентинэм, Перум, Эквадорым, Куба, Китайм щаубыдащ Мексикэм къикІа туурист 71-рэ, абыхэм кьеуэІамэ зэхагъэкІыну сымаджэщ щхьэхэм щаІыгъщ.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ дунейпсо организацэм и чэнджэщхэм ящыщ. Ираным и унафэщІхэм ар пщІыуэ, ядернэ Іуэхуэхэр къэралыр энергетикэ и лъэныкъуэкІэ зэпэщу щытыным телажьэу жаІэ. Президент Мэхьмуд Ахмединеджад Бразилием кІуэн хуейщ накьыгъэм и 6-м, а къэралым и президентым Іущіэн папщІэ. Ауэ Сан-Паулу щыпсэу журтхэм зэхуащІэса цІыху 400-м пэкІу ирагъэкІуэкІ, Ахмединеджад Бразилием къамыгъэкІуэным кьыхураджэу.

Зэригъэкіужыну хуейщ

Азербайджаным къэрал щыІэ Іуэхуэхэмкіэ и министр Мамедьяров Эльмар США-м и къэрал департаментым иригъэблэгъауэ, абы лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ макіуэ.

Ар яІущІэнущ къэрал департаментым и унафэщІ Клинтон Хиллари, Пентагоныжрэ США-м ЛъэпкъІ ШынагъуэншагъэмкІэ и Советымрэ я унафэщІхэм, Америкэм и эксперт гупым. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, а зэІущІэхэр нэхъ зытраухэуэнур Армениемрэ Азербайджанымрэ я зэхущытыкІэмрэ Нагорнэ Карабахым пыщІа кьаугъэмрэщ.

Мы махуэхэм Клинтон Хиллари иригъэблэгъауэ, Вашингтон макІуэ Армениемрэ къэрал щыІэ Іуэхуэхэмкіэ и министр Налбандян Эдвард, Ари яІущІэнущ Клинтон Хиллари, США-м и хабзэгъэуэ, гъэзэщІакІуэ властхэм кьулыкъу нэхъыщхьэхэр щызыІыгъхэм. Налбандян Эдвард апхуэдэу захуигъэзэнущ Америкэм щыпсэу ермэлыхэми.

Къулыкъум яхутекІыркъым

Куржым и президент Саакашвили Михаил и кьулыкъум текІыу, къэралым президентыщІэ щыхахыну къэзыгъэувэкъм мэлыжьыхьым и 9 пІандэрэ пэкІу ирагъэкІуэкІ, абыхэм кІуэ пэтми нэхъыбэ кьакъуоувэ. Тбилиси и мэриер щылажьэ уэрам деж абыхэм кьыщызэрагъэпэщащ «тутнакъэщ кьалэ». Саакашвили Куржыр зэрыщыту полицэ къэралыгъэ зэрищІар къагъэлъагъуэу.

«Куржым и гуэгу» партым и унафэщІ Зурабишвили Саломе зэрыжьилэмкІэ, оппозицэм ІуэхугъуэщІэ куэд егъэхьэзыр Саакашвили и кьулыкъум тегъэкІыным ехьэлІауэ. Абыхэм ящыщ зыщ дыгъуасэ къэрал телевидением и щыхьэпІэ псори пэкІум хэтхэм зэрызэхуащІар.



◆ Къыргызыз Республикэм и Конституцэм и махуэщ. Ар 1993 гъэм къащтащ.

◆ Іэпкъ зэхэгъэжьымрэ нацизмэмрэ я залымыгъэм ихьазхэм я фэеплъ махуэу Австриием щагъэлъапІэ. Маутхаузен фашист концлагерым щалыгъахэр 1945 гъэм щхьэхуит къыщащІыжа махуэрщ ар зытрагъэхуар.

◆ Илъэс 60 и пэкІэ Лондон Іэ щыщІадзащ Европэм и Советым и Уставым. Къэрал 47-м я правительствэхэр зэгухэри, а политикэ организацэр къызэрагъэпэщуэ, 1949 гъэм щыщхьэІум и 3 пІандэрэ мэлажьэ.

◆ Накьыгъэм и 5-6-хэм Осло (Норвегие) щызэхэтынущ Урысейм рэ Норвегиемрэ я правительствэхэр экономикэмкІэ, промышленностымкІэ, щІэныгъэмкІэ зэдэлэжьэныгъэр зыубзыху комиссэм и XII зэІущІэр.

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 54-м, къуэджьынуц сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 12-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 18-рэ.**

ПІалэгъэр зыгъэхьазырар ГЪУЩІО Зарифщ.

Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*

● Гу зыгъэпытапхъэ

«Къурш тхъуахэм ящІэж»

1942 гъэм и гъэмахуэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Бесленэй адыгэ кьуажэм къыдыхьауэ щыт Іэмалым нэсэ сабийхэр изу зэрыс гуэр. ПсэзэпыпльхьэпІэу щыт лъагъуэ закъуэмкІэ ахэр бийм кьинухъуреихьа Ленинград къыдашри, Кавказым кьашауэ арат.

Гуэм Урысеймы Кавказми щыщ кьуажэ куэд кьыззэранэкІат икІи ди щІэныпІи абыхэм щыхуэхэр, щыхубзхэм я нэпсыр щІалъэщІыкІыну сабий мэхъащІалІэхэм щІакхъуэ Іыхьэ кьыхудахьрт. Ауэ щыкІуэхэр зыми зрашэлІэн ядэртэкъым, нэмыщэхэр кьызэрыблэгъам кьыхэкІыу. Гуэм исхэм я нэхьыбэр журт щІалэ щыкІуэхэт...

«Звезда» къэрал теленаналым и заказкІэ Давыдов Вячеслав и «Тонап» киностудием и творческэ гупым бийм кьинухъуреихьауэ щыта Ленинград къыдаша сабий 32-м я гъащІэм и кьекІуэкІыкІам теухуа «Бесленэй. ПсэунымкІэ хунтынытІэ» документальнэ фильм трахащ. Ар накьыгъэм и 9-м сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 40-м кьигъэльэгъуэнущ «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телеканалым.

Яхуикіуэтыркъым

Ираным и ядернэ Іуэхуэхэр зэтримыгъэувыІэмэ, США-м зегъэхьэзыр а къэралым хуэунэтІа Іуэхугъуэ тІкІийхэр зэхиублэну. Ар зэкъым наІуэу кьыззэрыхэщар США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари и псалъэхэм.

- Дэ зи лъэОжьэ дгъэтІылъ Іуэхугъуэхэр егъэлеяуэщ зэрытКІийр, уеблэмэ абыхэм Ираныр мылъкуншэу къахуэгъэнэнущ, ядернэ Іуэхуэхэр зэтримыгъэувыІэмэ, абы ехьэлІауэ зэпсэльэн зэрыхуейр имыдэмэ, - жеІэ Хиллари.

США-ми, нэгъуэщІ къэралхэми Ираныр яГъэхьэщашэ ядернэ Іэщэ зэригъэпэщу. Ираным и унафэщІхэм ар пщІыуэ, ядернэ Іуэхуэхэр къэралыр энергетикэ и лъэныкъуэкІэ зэпэщу щытыным телажьэу жаІэ. Президент Мэхьмуд Ахмединеджад Бразилием кІуэн хуейщ накьыгъэм и 6-м, а къэралым и президентым Іущіэн папщІэ. Ауэ Сан-Паулу щыпсэу журтхэм зэхуащІэса цІыху 400-м пэкІу ирагъэкІуэкІ, Ахмединеджад Бразилием къамыгъэкІуэным кьыхураджэу.

Газ уасэр зэрат хабзэщIэм депутатхэр егъэпIейтей

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итц).

Доклад зыщIым зэрыжиIамкIэ, къагъэсэбэпэ газым и уасэр кыызэрыхах щIыкIэм теухуа хабзэщIым Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэм занщIэу къыщагъэсэбэпу щIадзакъым, абы щыхуэкIуар 2008 гъэм и щэкIуэгъэ къэзыгъэ. Абы лъандзэр абонентхэм зэгурыIуэныгъэхэр ещIылIэныр, абыхэм квитанцхэр яхуегъэкIуэныгъэ икIи зэгурыIуэныгъэм къыщIэлъэгъуахэр егъэгъэзэщIэныр яхуэзэкIлыгъакIуэркъым.

- Апхуэдэ щытыкIэм дыкъикIын папщIэ «Къэббалькърегионгаз» ООО-р и «Урысейм и пощт» ФГУ-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм гурыIуагъ гъатхэпэм и 1-м щыщIэзэ ахъшэ зэрратыну документхэр цIыхуэхэм яIэригъэхьэну. Абы къыдэкIуэу газкIэ къызэзыгъэпщ районыIуэхущIапIэхэм канал куэдзиIэ телефонхэр щагъэув, газкIэ къызэгъэпэщынымкIэ комитетым и гурыIуэныгъэхэр цIыхуэхэм щIэгъэхуэфыкIуэу щагъэув, газкIэ къызэгъэпэщынымкIэ комитетым и телефонхэр щагъэув, газкIэ къызэгъэпэщынымкIэ комитетым и гурыIуэныгъэхэр цIыхуэхэм щIэгъэхуэфыкIуэ, - жиIащ Николицэ Анатолий. Апхуэдэу абы къыхигъэщхьэхукIащ газыр къэзыгъэсэбэпхэм счетчикхэм тет бжыгъэхэр абонент Iэнатlэхэм мазэ кьэс махуэ 25-нэм фIымкIыжу иратыну зэраклалэным абонентхэр и зэманым щыгъуаэз зэрамыщIам къыхэхIыу абыхэм я лъэныкIэ газым щатыну уасэхэм зэрыхэпльэжыр. Ауэ газыр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр дагъэ эншэу, абыхэм я щытыкIэр комиссэм къаргъэпщытауэ, пломбэхэми зэранытэ ямыIэу зэрахьэн хуейщ.

Депутатхэм доклад зыщIам упщIэ куэдкIэ зыхуагъэзащ. Къапщтэмэ, ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкъуэ Сэфарбий и упщIэр теухуауэ щытащ Правительствэм и унафэр тэмэму ягъэзэщIэн папщIэ щIыналъэ комитанием ищIэхэм.

Николицэ Анатолий и жэуапым къыхощи абы и лъэныкъэкIэ иджыпсту гугъуехь щхьэхуэхэр зэрыщIэр икIи ахэр зэригъэзэжыным компаниер зэрыхуащIэкъур.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кIуэдзэ Бозий Натбий жиIащ, газ Iуэхущ IапIэхэм телефон линэхэр зэрахуримыкъым къыхэхIыу абыхэм гепсэльэну зэрыгугъур, абонентыр псальэрэ счетчикым кьигъэльагъуэ бжыгъэхэр яжриIами, яаыныкъуэхэм деж ар абонент Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм зэрамытхър. Абы и щхьэусыгуэкIэ цIыхуэхэм къагъэсэбэпа газым пэкIуэ уасэм куэдкIэ щигъуу ахъшэ ятын хуейуэ кьалыкъуокI.

- Нэхъыбэу апхуэдэ лей кыызытехьэр иджырей хабзэм ипкъ иткIэ, я газым и уасэу иратын хуэдизу фIэкI кьэзымылэжь, хабзэм ткIийуэ тет цIыхуэхэрщ. Абы къыдэкIуэу кьыдгурыIуэн хуейщ цIыху псоми жып телефон е унэм щIэт телефон зэрамыIэр икIи абыхэм иджы пщэрыль щащIаэр ягъэззэщIу кьаззэрытекхьэлъэр, - къыхигъэщхьэхкIащ Бозий Натбий.

Абы и жэуапу Николицэ Анатолий жиIащ я узынщагъэкIэ е я ныбжькIэ абонент Iэнатlэхэм мыпсэльэфыну цIыхуэхэм я унэцIэхэр зэрагъэбелджылIыр икIи абыхэм я счетчикхэм мазэ кьэс кIуэяуэ зэрыкIэльпльынур.

- Адрей кьалэн псори зыбгъэдэхуэр абонентырщ - абы гъэкIащ къагъэсэбэпэ икIи мазэ кьэс эя гъэсэныпхъэм щыщу кьитъэсэ гъэпар зыхуэдизымкIэ зыхуэфащ Iэнатlэм хъыбар иригъэщIэну, газ уасэри итыну и пщэ ильщ. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу район центрым щIэкIуэн щIэжьым - пощт IуэхущIапIэ псоми квитанцхэр яIэщи, ахэр кьагъэсэбэпуэ газ зыгъэзэщIу ирикъуу е абы щыщIэщыхьэр, - я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхуэм зэрыхуэгъэзащ.

Доклад зыщIам, Шэрджэсэм кьагъэзыва ущIэхэм зыщыщ газу кьагъэсэбэпэр зыхуэдизыр кызэрапщ Iэмэпсымэхэр зэрагъэзэн, ахэр зэрылажьэр кызэрапщытэ щыкIэр, счетчикхэр гъэувынымкIэ Iэмэпсымэхэм я уасэр (ар-ном 500-м щыщIэдзауэ сом минИ 2,5-м нос), уасэр щагъэувкIэ кьагъэхэр, электрокъарум и уасэр дот. Фи лэжьакIэмрэ цIыхуэхэм фаззэрыбгъэдэтымрэ зэффхуэкIи, гугъуехьхэм я нэхъыбэр зэуэ кызэвнэжкIынущ, - чэнджэщ иритащ абы газ Iуэхущ IапIэм и лIыкIуэм.

Бозий Натбий кьиIэтащ республикэм исхэм ящыщ куэд зыгъэпIейтей Iуэжу. Абы щапхъэу кьихьащ хьэрычэт лэжьакIуэхэм зэрабгъэдыхьэ щыкIэр. Хьэрычэт Iуэху зезыкъэхэм монополистым иращIылIа зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэм щIигъуу е иримыкъуу газыр кьагъэсэбэпамэ, тIум щыгъуи етхьэкъун хуейуэ я гъэуваращ, кьалэжьыр газ уасэм щыхуримыкъу куэдрэ кьоху. Хьэрычэт лэжьакIуэхэр куэд зэрыхьэр кьыхихьэщхьэхукIри, виде-спикерыр щIэупщIащ апхуэдэ хабзэр къыщIагупсысам и щхьэусыгуэм.

Николицэ Анатолий быдэу жиIащ газу зэгурыIуэныгъэм итым нэхьрэ нэхь мащIэ кызэрагъэсэбэпам папщIэ 2008 гъэмэ дызэрыт илъэсми зыми емытхьэкъуауэ. Ауэ, нэхь пасэу зыхуэфащэ Iуэхущ IапIэхэм хъыбар ирамыгъащIэу, мардэм и лейр газыр къэзыгъэсэбэп промышленнэ предприятэхэм абы и уасэр нэхь лъапIэ зыхьIах.

А махуэм зэIущIэм кьрихьэла, КъБР-м Тарифэмкlэ и кьэрал комитетым и унафэщI Уэлджыр Жыраслъан щIэупщIащ газ уасэр тынымкIэ хабзэщIэхэр Ипщэ Федеральнэ округым щыщу кьыщагъэсэбэпхэм.

- Ипщэ Федеральнэ округым хьихьэ республикитхуми кьыщагъэсэбэп, - жэуап кьитыжащ Николицэ Анатолий.

Ауэ абыкIэ Уэлджыр Жыраслъан абы кьызэлъэгъу хьуакъым икIи жиIащ, езыр зэрыщыгъуаэзмкIэ, хабзэщIэр Къэбэрдей-Балькъэрым фIэкI кьызэрыщамыгъэсэбэпыр.

- АтIэ сыт хуэдэ сэбэпынагъ кьитрэ хабзэщIэхэм фызэрыхуэкIуам? - щIэупщIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым.

Доклад зыщIам зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхум абонентхэм я жэуапыныгъэр кьеIэт.

Чеченов Ануар аргуэру щIэупщIащ газ уасэр кьыхэхьынымкIэ кьыкьэкIа гугъуехьхэр кьызэнэкIынымэ теухуауэ КъБР-м и Президент Кьыжокъуэ Арсен пщэрыль ящищIахэр зэрагъэзащIэм.

Николицэ Анатолий и жэуапым кьыхэщащ а Iуэхум «Къэббалькъгаз» ОАО-р зэрелажьыр. Къапщтэмэ, районхэм ящыщу блым каналкуэдзиIэ телефонхэр щагъэуваща, ауэ кьызэрабж-кассэ аппаратхэр зэрыт автотранспорту зыхуеинум хуэдизу кьищэ уну, юмпьютер техникэр, адрей техническэ Iэмалхэр нэхьыбэу кьигъэсэбэпыну, цIыхуэхэм нэхь тэмэму яIэдлжьэну, абонентхэм кьат заявкIэхэм япсь иткIэ, газ уасэр зэрагъэтэмэмыжыр иригъэфIэкIэну.

Депутатхэм жаIащ цIыхуэхэм унагъуэ Iуэхукlэ кьагъэсэбэпыну газыр абыхэм иращIылIэ зэгурыIуэныгъэхэм тету зэрыхуэутIыпщыкIи а зэгурыIуэ зэпкърахуну икIэ щIыпIэкIэ кьэгъэщIэрэщIэкъым зэрыхуейр.

«ЦIыхуэхэм унагъуэ Iуэхукlэ кьагъэсэбэп газыр зэрыхуэутIыпщыщыкIэм теухуауэ» УФ-м и Правительствэм 2008 гъэм бадзэуэгъэм и 21-м кьыщта Унафэ №549-р кьэгъэсэбэпыным пыщIауэ зэтеуа щытыкIэр кьэзыгъэльэгъуэ тхыгъэкIэ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир зыхуагъэзэну я мурадш. А Iуэхур кьыщыкалъхьащ КъБР-м и Парламентым 2009 гъэм мэлыжьыкъым и 29-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

КъБР-м и Парламентым Уэнафэщ Чеченов Ануар зэIущIэм хэтахэр кьыхуридджащ кьэралым и Правительствэм и унафэр гъэззэщIэным пщыIэу къызэрыхуэн Iуэху псори егупсысу зэпкърахуну икIи зэраху зэфIэкIкIэ дагъэкIыну.

Кьащта унафэр гъэззэща зэрыхьум парламентрэр ткIийуэ кIэлыплIынкIи икIи зы мазэ дэкIмэ кьыгъагъэзэжынрэ мы Iуэхум хэпльэжьыну.

БАТЫР Любэ.

Дзэмыхь Къасболэт, Думэн Хьэсэн, министр Пащты Борис, ГъуэкIэлI Налбий.

Къущхьэ Догъан, Гугъэжь Джихьэн, Хеймащэ Орхьэн.

Лъэпкъ Iуэхухэр куэд мэхъу. Дауэ дапэлъэщрэ?

Чыгун Гъэний, Асльэн Алий, Шэрджэс Мухьэмэд.

Ажахуэу Къаншобийрэ НэкIащ Владимирр.

Ди газетым зэрытетащи, иджыблагъэ Налшык къадэ щызэхэтащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэху гъэзэщIакIуэ гупым и зэхуэс. Абы кьыхьлIат Иорданием, Тыркум, Адыгэ Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балькъэрым щыIэ Адыгэ Хасэхэм я тхьмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ. Псоми кьыхохI цIыху ящыщ ДАХ-м и Унафэщым Iуэхущ IапIэхэм сыт хуэдэ щхьэзыифIэфIагъри ялэжьыныр.

А щхьэусыгуэхэм кьыхэкIыу цIыхуэхэм тхьэусхьафэ куэд республикэм и унафэщхэм, кьэрал властым и органхэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм яратрэ, зэрызэгурымыIуэр нэхь ткIий хъуурэ ябгъуэкI.

А псоми тепсэльыхьри, Президиумым и зэIущIэм хэтахэм КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ иратащ газ уасэр зэрат хабзэщIэхэр кьагъэсэбэпу, зэрыщIадзэм пыщIа зэгурымыIуэныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ гъэзэкIуэжьным хуэгъэза Iуэху псори зэфIигъэкIыну.

«Къэббалькърегионгаз» ООО-м и пщэ иралъхьащ бгырыс жылагъуэхэмрэ жылагъуэ нэхъ пкыдзахэмрэ газ уасэр кьыщыхьхьым папщIэ кьызэрабж-кассэ аппаратхэр зэрыт автотранспорту зыхуеинум хуэдизу кьищэ уну, юмпьютер техникэр, адрей техническэ Iэмалхэр нэхьыбэу кьигъэсэбэпыну, цIыхуэхэм нэхь щIэх кьащтэжыну кьыщIэкIынт. ЛъэныкъуитIри дызэгурыIуэу и чэзум псори зэфIэдгъэхьу щытмэ, ди мурадхэр кьыдэхьхьIэнущ, щэч хэмылъу.

Мы Iуэхугъуэм теухуауэ и Iуэху еплъыкIэр утыку кьрилъхьащ ДАХ-м и тхьмадэ **Дзэмыхь Къасболэт.**

- Мы Iуэхум жэуаплынытхъэшхъэ хэлъу убгъэдыхьэн хуейщ, - жиIащ абы. - Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар Правительствэм и пащхьэщралъхьакIэ, къэкIуэну сабийхэм я бжыгъэр, ахэр щагъэхьэщIэну зыгъэпсэхупIэр гъэбелджылаУэ, текIуэдэну мылькур кьэлъытауэ щытын хуейщ. Абы кьыхэкIкIэ, мазэ-мазитI иЕжу зэгурыIуэн, псори зэпэшочын хуейщ.

Апхуэдэу Дзэмыхьм кьыхихьэщащ адыгэбзэр джын щIэзыдзэ сабийхэм папщIэ тхьалъыщIэ кьызэрыдзкIар. Абы и бжыгъэр мащIэщи, щIэрщIэу трырагъдзэжу Иорданиемрэ Тыркымрэ щыпсэу ди льэпкъэгъуэм хурагъэшэн мурад зэраIэр жиIащ.

Зи гугъу ящI Iуэхум теухауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ **Хьэпай Арамбий, Мэшхуэфi Нэждэт** (Адыгэ Республикэ), **Гугъэжь Джихьэн** (Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и унафэщI), **Хеймащэ Орхьэн** (ДАХ-м и вице-президент), **Къущхьэ Догъан, ЛIыщIэрыкъуэ Нахьид,** Иорданием и лIыкIуэ **Чыгун Гъэний**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, нэгъуэщIхэри.

- Адыгэр нэхьыбэу щыпсэу щыналъэм ди льэпкъэгъуэ нэхьыбэщи, мыпхуэдэ Iуэхуэхэм фыпольэщ, - жиIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**. - Ди жагъуэ зэрыкъыощи, ди апхуэдэ льэкIынытъэ диIэкъым, ауэ дэрэ дыфкъуэзывэну дыхуейщи, сыткIэ сэбэп дыхъуфыну?

Шэрджэсым и упщIэм жэуап иратащ Пащты Борис. Абы жиIащ КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Абхазым, тенджызэ ФIыщIэ Iуфэм щыпсэу зэкъуэшхэр мы Iуэху щхьэпэм кьыхашэн мурад зэраIэр, апхуэдэу зэкъуэувэмэ, Iуэхур нэхь зэфIэхьыгъуафIэ Iуэну зэрыщыгугъыр.

Мы Iуэхум зезыгъэубгъу нэгъуэщI зы жэрдэм зэIущIм щыжаIащ. Хеймащэ Орхьэн кьыхихьхьащ адыгэхэр щыпсэу республикэхэм щыщ артистхэр ирагъэблэгъэным, абыхэр Тыркум щыкьыщагъэльэгъуэным хэхэсхэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьэлъытауэ, ар хабзэу гъэувыпхъэу.

- ЦIыхуэр зэзыпхуГуфIэгъэъэщи, зэIущIэ дахэхэр кIы э э д г ъ э п э щ у р э дыдэкIэльыкIуэтэмэз, нэхьыбIу дыдэрыщIыхуну кьыщыщыхьурт. Тыркум накIуэу кьызэрыкIуэжьныр хэгъэкIауэ, абы зэрыщыхьэщIэнури зэрызыщагъэпсэхунурэ дэ ди пщэ дыдольхьэри, артист, кьэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ гуп нытхуеблэгъэныр ди гуапэт, - жиIащ Хеймащэм.

ЗэIущIм кьыщаIэта егIуанэ Iуэхум (ДАХ-м и VIII Конгресс екIуэкIынум зэрызыхуагъэхьэзырым) тепсэльыхьащ **Дзэмыхь Къасболэт.**

- Нэхъ кьыдэхьэлъэкIыжмкIэ фэ пыухыкIа хуэтщIын хуейуэ кьызольытэ. Псалъэм папщIэ, Щамым мыпхуэдэ хабзэ яIощ: зэхуэсым кьэкIуам хасапщIэ ямытамэ, унафэ кьащтэнуми хэхьныгъэми и Iуэху хилъхьэну хуиткым. Сэ ар сфIэтемэмщ. Ар япэрауэ.

ЕтIуанэрауэ, Конгрессым кьримыхьэлIэфу, ауэ ДАХ-м хэт и цIэу, сыт хуэдиз Хасэ кьыддэгъэуэгурыкIуэр? Ди зэгухьэныгъэм и Iыхьэ щанэр лажьэу адрейхэр Iуэхуншэу щыкъм, емыкIуи кьэтхьынущ, ди Iуэхухэрн кIуэтэнчкым. Абыкlэ жысIэну сызыхуейраци, исполкомым и нобэрей зэIущIэм хуэдизу ящыщ гъэгъэщтэнут Хасэхэм ирагъэкIуэкIа гъэжьагъэр зыхуэдэм щыщхьэм ЕкIуэ Конгрессым щытепсэльыхьыну.

Апхуэдэ щытыкIэм теухауэ зэIущIэм кьыщыхалъхьат хасапщIэ кьэзымыт Хасэхэр зэгугъэныгъэм хагъэкIыну, ауэ ар ДАХ-м и тхьмадэм идакъым, адыгэр зэрыщIэн папщIэ кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэр мыльку щыкъкIэ бгъэльэлъэжьныр кьызэремысэгъэным тригъащIэри.

АдэкIэ псэльапIэр хуит хуащIащ хамэ кьэрал щыпсэу адыгэхэм запыщIэныжкIэ «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьмадэ **НэкIащ Владимир**. Ар тепсэльыхьащ а Iуэхущ IапIэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм.

- Иджыпсту хуэдэу Урысей Федерацэр ди адыгэ къыщытехуа зэи къэхуакъым, - жиIащ НэкIащэм. - Ар къэдгъэсэбэпу, ди пщэрыльхэм льэныкъуэ куэдкIэ дыкъыщIелэжьыфыну, куэди тхуэзэфIэкIыну къыщIоху. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэр псори дыдейщи, ди кьалэн нэхъыщхьэри ахэр кьэушэжа зэрыхъуныщ, Iуэ гугъуехь щыIэкъым, жыпIэу гъэпщагъэкIэ хэкум кьебгъэгъэзэжыныр тэмэмкъым. Iуэхум и пэжыпIэр цIыхум и пащхьэ иплъхьэмэ нэхъыфIщ, сытми хуэхьэзыру щытын хуэдэу. Хэкум къэтшэжыну дызыхэтхэм бзэр зэрамыщIэм куэд кьелъахъэ. Къэзыгъэзэжыну щIэхъуэпсэхэр мазэ щитykIэ жыхьэкIэ, бзэр ещI,ауэ,ещI,ауэ, дгъэхъэзырынщ жыIтэри, хъыбар едгъэщIат хъэрып кьэралым щыпсэу ди льэпкъэгъуэхми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, жэуап кьыдатыжакъым. Бзэр тIэщIэхуэмэ, лъэпкъри щымыIэжу убж хьунущ. Абы кьыхэкIкIэ, сыныводхэу: ди бзэм и натIэ хьунум, абы кьыпэщылъым девгъэгупсыс, дыгупсыс закъуэ мыхъуу, Iэмал гуэрхэм дыврэлъыхъуэ.

НэкIащэм кьиIэта Iуэхугъуэхэм хуабжьу иригузавэу къэпсэлъащ Тыркум и Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр. Абы псалъэ дыщIигъужащ ДАХ-м и кьэпщытакIуэ гупым и унафэщI **Кьуэдзокъуэ Анатолэ**.

- Пэжыр жыгIэмэ, ДАХ-м зи Iуэху зэрихуэн хуейхэм ящыщу игъэзащIэр сабийхэр кьащIу я нэгу зегъэужьынымрэ хэхэсхэм я щIэблэм щыщу университетым щIэтIысхьэну хуейхэм ядэIэпыкъунымрэщ, - жиIащ Кьуэдзокъуэм. - Ди щхьэ кьащIэдгъэпщIэжьи щыIэкъым, ар пэжщ. «Хэку» зэгухьэныгъэр ильэс куэд щIауэ щыIэщ, сызытепсэльыхь кьалэнхэри зи пщэ дэлъыр аращ. Хабзэм ипкъ иткIэ, ильэс кьэс цIыху бжыгъэ пыухыкIа гуэр едгъанIэ нэхьыщхьэхэм щIигъэтIысхьэну хуитщ. А хабзэр машIэу зэтекъутауэ щытащ Совет Союзыр щыгъэхэщIэжам щыгъуэ. Мы зэманым «Хэку» зэгухьэныгъэм и лэжьакIэри машIэу зэщхьэщыхуа хьуауэ кьызольытэри, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ ныкъусаныгъэхэми егупсысыхьэщ.

АдэкIэ зэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьащ накъыгъэм и 21-м, Адыгэм и щыгъуэ махуэм, ирагъэкIуэкIыну пэкIуэ кьызэгъэпэща зэрыхьунуми.

- Ильэсэ 145-рэ ирокъу зауэжьыр зэрикъуэр, - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.** - Хабзэ зэрытхуэхъуам бзыльыхьу, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхазэм, ди щIыналъэм кьыщыдэкI газетхэм, «Черкесское зарубежье», «Хасэ», «ГъэуIэ», «Абазашгъ», «Апсны» газетхэр яхэтыжу, номер зэхэт догъэхьэзыр. Абы кьыщынэмыщIа, накъыгъэм и 21-м Налшык кьалэм щызэхэтыну зэхуэсым щыхуейщ. ДАХ-м и тхьмадэ кьуэдзэуэ щыта Iутыжь Борис ипстамбылакIуэм тринуэуа и тхыгъэм езыр кьеджэу егъэтхауэ диIэщи, ар кьедгъэуэнщ. Ди гъунэгъу льэпкъхэм я лIыкIуэхэмрэ ди унафэщIхэмрэ драгъусэу удз гъэтхаэр фэеплъ сыным тетлъхьэнщ, фэеплъ пэкIуэ гъэдгъэгъэкIынщ. ИтIанэ дунэтIынщ Льэпкъ музеймкIэ. Хэхэсхэм ятеухуауэ ильэс 45-м щигъауэ сэ зэхуэхьэсахэр а махуэм музейм щыдгъэльэгъунущ.

Мыгувэу екIуэкIыну Конгрессыр зыхэплъэну Iуэхугъуэхэм ехьолIа унафэ зыщIэжаиз ягъэхьэзырауэ, зэрызэпсэльамкIэ, зэрычэнджэщамкIэ арэзыуэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэху гъэзэщIакIуэ гупыр зэбгрыкIыжащ.

Мы зэIущIэм узэрэджьIакIуэ цIэрыIуэу кьущхьэ Iорданиер щра-

Хьэпай Арамбийрэ ЛIыщIэрыкъуэ Нахьидр.



Урысейм и МЧС-м и Управлен нэхъыщхьэу КъБР-м щIыIэм, «Роснефть щIыдагъэ компание - Къэбэрдей-Балькъэрым и гъэсыныпхъэ компание» ОАО-м щIыдагъэ ящIыдагъэхIэхуэр щытрагуашэ базэу Налшык дэтым зыщыхуагъэсащ мафIэсыр гъэункIыфIыным.

НАСЫПЫНШАГЪЭР кьызыхэкIауэ кьагупсысар мырат: кубометр мин бжыгъэ зэрыхуэ резервуарыр щыблэм и зэранкIэ «къоуэ». Бензиныр ес, гъуанэ хъуа кумбыгъэм кьыдэжари мащIэкъым.

МафIэсым теухуа хьыбар кьаззэрыIэрэхьэу, ар кьыщыхьэу щыпIэм бгъэдэпэдащ нефтебазэм и мафIэсгъэункIыфI дружинэм щыщхэр икIи «кьуэам» и гъунэгъу адрей резервуархэр зыгъэщIыз Iэмэпсымэр щIагъэнащ. ИхьурегъэкIэ цилиндрыщхуэхэм псы кьраугъэкIыну хуожьэ, уэсым хуэдэу хужкIу кьыщIыхьу блынхэм сабэр кьрильэсэхуу. ПсынщIэу кьэсащ мафIэсгъэункIыфIхэр. Уэрэм щIэуэну кьыщIыхъу пкIэльэйр, мафIэр зэрагъэункIыфI тхъурымбэр - псори гъэщIагъэунт. ИкIэм-икIэжьым кьызэрагъэпэща «мафIэсыр» зэрагъэнкIыфI.

ШынагъэншагъэмкIэ Федеральнэ мафIэсгъэункIыфI Iуэхущ IапIэм жэуап щIихь Iуэхуэнэщхэр мурад зэраIэр жиIащ.

Зи гугъу ящI Iуэхум теухауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ **Хьэпай Арамбий, Мэшхуэфi Нэждэт** (Адыгэ Республикэ), **Гугъэжь Джихьэн** (Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я федерацэм и унафэщI), **Хеймащэ Орхьэн** (ДАХ-м и вице-президент), **Къущхьэ Догъан, ЛIыщIэрыкъуэ Нахьид,** Иорданием и лIыкIуэ **Чыгун Гъэний**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, нэгъуэщIхэри.

- Адыгэр нэхьыбэу щыпсэу щыналъэм ди льэпкъэгъуэ нэхьыбэщи, мыпхуэдэ Iуэхуэхэм фыпольэщ, - жиIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**. - Ди жагъуэ зэрыкъыощи, ди апхуэдэ льэкIынытъэ диIэкъым, ауэ дэрэ дыфкъуэзывэну дыхуейщи, сыткIэ сэбэп дыхъуфыну?

Шэрджэсым и упщIэм жэуап иратащ Пащты Борис. Абы жиIащ КъШР-м, Адыгэ Республикэм, Абхазэм, тенджызэ ФIыщIэ Iуфэм щыпсэу зэкъуэшхэр мы Iуэху щхьэпэм кьыхашэн мурад зэраIэр, апхуэдэу зэкъуэувэмэ, Iуэхур нэхь зэфIэхьыгъуафIэ Iуэну зэрыщыгугъыр.

Мы Iуэхум зезыгъэубгъу нэгъуэщI зы жэрдэм зэIущIм щыжаIащ. Хеймащэ Орхьэн кьыхихьхьащ адыгэхэр щыпсэу республикэхэм щыщ артистхэр ирагъэблэгъэным, абыхэр Тыркум щыкьыщагъэльэгъуэным хэхэсхэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр кьэлъытауэ, ар хабзэу гъэувыпхъэу.

- ЦIыхуэр зэзыпхуГуфIэгъэъэщи, зэIущIэ дахэхэр к Ы э э д г ъ э п э щ у р э дыдэкIэльыкIуэтэмэз, нэхьыбIу дыдэрыщIыхуну кьыщыщыхьурт. Тыркум накIуэу кьызэрыкIуэжьныр хэгъэкIауэ, абы зэрыщыхьэщIэнури зэрызыщагъэпсэхунурэ дэ ди пщэ дыдольхьэри, артист, кьэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ гуп нытхуеблэгъэныр ди гуапэт, - жиIащ Хеймащэм.

ЗэIущIм кьыщаIэта егIуанэ Iуэхум (ДАХ-м и VIII Конгресс екIуэкIынум зэрызыхуагъэхьэзырым) тепсэльыхьащ **Дзэмыхь Къасболэт.**

- Нэхъ кьыдэхьэлъэкIыжмкIэ фэ пыухыкIа хуэтщIын хуейуэ кьызольытэ. Псалъэм папщIэ, Щамым мыпхуэдэ хабзэ яIощ: зэхуэсым кьэкIуам хасапщIэ ямытамэ, унафэ кьащтэнуми хэхьныгъэми и Iуэху хилъхьэну хуиткым. Сэ ар сфIэтемэмщ. Ар япэрауэ.

ЕтIуанэрауэ, Конгрессым кьримыхьэлIэфу, ауэ ДАХ-м хэт и цIэу, сыт хуэдиз Хасэ кьыддэгъэуэгурыкIуэр? Ди зэгухьэныгъэм и Iыхьэ щанэр лажьэу адрейхэр Iуэхуншэу щыкъм, емыкIуи кьэтхьынущ, ди Iуэхухэрн кIуэтэнчкым. Абыкlэ жысIэну сызыхуейраци, исполкомым и нобэрей зэIущIэм хуэдизу ящыщ гъэгъэщтэнут Хасэхэм ирагъэкIуэкIа гъэжьагъэр зыхуэдэм щыщхьэм ЕкIуэ Конгрессым щытепсэльыхьыну.

Апхуэдэ щытыкIэм теухауэ зэIущIэм кьыщыхалъхьат хасапщIэ кьэзымыт Хасэхэр зэгугъэныгъэм хагъэкIыну, ауэ ар ДАХ-м и тхьмадэм идакъым, адыгэр зэрыщIэн папщIэ кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэр мыльку щыкьэкIэ бгъэльэлъэжьныр кьызэремысэгъэным тригъащIэри.

АдэкIэ псэльапIэр хуит хуащIащ хамэ кьэрал щыпсэу адыгэхэм запыщIэныжкIэ «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьмадэ **НэкIащэ Владимир**. Ар тепсэльыхьащ а Iуэхущ IапIэм зэфIигъэкI лэжьыгъэм.

- Иджыпсту хуэдэу Урысей Федерацэр ди адыгэ къыщытехуа зэи къэхуакъым, - жиIащ НэкIащэм. - Ар къэдгъэсэбэпу, ди пщэрыльхэм льэныкъуэ куэдкIэ дыкъыщIелэжьыфыну, куэди тхуэзэфIэкIыну къыщIоху. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэр псори дыдейщи, ди кьалэн нэхъыщхьэри ахэр кьэушэжа зэрыхъунущи, жыпIэу гъэпщагъэкIэ хэкум кьебгъэгъэзэжыныр тэмэмкъым. Iуэхум и пэжыпIэр цIыхум и пащхьэ иплъхьэмэ нэхъыфIщ, сытми хуэхьэзыру щытын хуэдэу. Хэкум къэтшэжыну дызыхэтхэм бзэр зэрамыщIэм куэд кьелъахъэ. Къэзыгъэзэжыну щIэхъуэпсэхэр мазэ щитykIэ жыхьэкIэ, бзэр ещI,ауэ,ещI,ауэ, дгъэхъэзырынщ жыIтэри, хъыбар едгъэщIат хъэрып кьэралым щыпсэу ди льэпкъэгъуэхми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, жэуап кьыдатыжакъым. Бзэр тIэщIэхуэмэ, льэпкъри щымыIэжу убж хьунущ. Абы кьыхэкIкIэ, сынводхэу: ди бзэм и натIэ хьунум, абы кьыпэщылъым девгъэгупсыс, дыгупсыс закъуэ мыхъуу, Iэмал гуэрхэм дыврэлъыхъуэ.

НэкIащэм кьиIэта Iуэхугъуэхэм хуабжьу иригузавэу къэпсэлъащ Тыркум и Адыгэ Хасэм и лIыкIуэхэр. Абы псалъэ дыщIигъужащ ДАХ-м и кьэпщытакIуэ гупым и унафэщI **Кьуэдзокъуэ Анатолэ**.

- Пэжыр жыгIэмэ, ДАХ-м зи Iуэху зэрихуэн хуейхэм ящыщу игъэзащIэр сабийхэр кьащIу я нэгу зегъэужьынымрэ хэхэсхэм я щIэблэм щыщу университетым щIэтIысхьэну хуейхэм ядэIэпыкъунымрэщ, - жиIащ Кьуэдзокъуэм. - Ди щхьэ кьащIэдгъэпщIэжьи щыIэкъым, ар пэжщ. «Хэку» зэгухьэныгъэр ильэс куэд щIауэ щыIэщ, сызытепсэльыхь кьалэнхэри зи пщэ дэлъыр аращ. Хабзэм ипкъ иткIэ, ильэс кьэс цIыху бжыгъэ пыухыкIа гуэр едгъанIэ нэхьыщхьэхэм щIигъэтIысхьэну хуитщ. А хабзэр машIэу зэтекъутауэ щытащ Совет Союзыр щыгъэхэщIэжам щыгъуэ. Мы зэманым «Хэку» зэгухьэныгъэм и лэжьакIэри машIэу зэщхьэщыхуа хьуауэ кьызольытэри, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ ныкъусаныгъэхэми егупсысыхьэщ.

АдэкIэ зэIущIэм хэтхэр тепсэлъыхьащ накъыгъэм и 21-м, Адыгэм и щыгъуэ махуэм, ирагъэкIуэкIыну пэкIуэ кьызэгъэпэща зэрыхьунуми.

- Ильэсэ 145-рэ ирокъу зауэжьыр зэрикъуэр, - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.** - Хабзэ зэрытхуэхъуам бзыльыхьу, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Абхазэм, ди щIыналъэм кьыщыдэкI газетхэм, «Черкесское зарубежье», «Хасэ», «ГъэуIэ», «Абазашгъ», «Апсны» газетхэр яхэтыжу, номер зэхэт догъэхьэзыр. Абы кьыщынэмыщIа, накъыгъэм и 21-м Налшык кьалэм щызэхэтыну зэхуэсым щыхуейщ зыбжанэ кьыщыпсэльэн хуейщ. Д

НАЛЫК

Ди къалащхьэмрэ къалэдэсхэмрэ ятеухуа напэкІуэцІ

2009 гъэ

● Юристым и чэнджэщхэр

ЦІыхум и зэфІэкІыр

Ди зэманым щыІуэ куэд лэжьапІэншэу къоно. Апхуэдэ щытыкІэ гугъум уимыхуэн щхьэкІэ, хэкІыпІэ гуэрхэри щыІэщ. Абыхэм нобэ тхутопсэлъыхь иІэс куэд лъандэрэ юристу лажьэ, зи Іэщагъэм фІыуэ хэзыщыкІ, и унеей чэнджэщакІуэ Іуэхущапі эиІэ ЛІыхъ ЮрІ.

- ДЭНЭКІИ хуэдэу, ди къэралым и щІыналъэхэми зыщеубгъу дунейпсо кризисым. Ауэ, къэрал, республикэ унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, дыкІуэхэр зэрыпхъукІэ абы щыхъума хьунущ. Абы папщІэ программэ зэхаехэр зэхэгъэувэ, аэрэ гъащІэм халъхь. Сэ иджыри зэхэсхакъым ди республикэм Іуэхущапіэ гуэрхэр щыхэзэхуащ-жауэ, ауэ апхуэдэ къэхъункІэ хьунущи, ухуэхьозырмэ нэхьыфІщ.

Абы техуауэ щыІэ хабзэхэм зыщыбгъэгъуэзэмэ, тэмэмку кьызолытІ. КъуажьакІуэмрэ е Іуэхущапіэр е Іуэхущапіэр зэхуащІыжмэ, ди къэралым щызекІуэ хабзэхэм ябгъ иткІэ, абы ІуагъэкІэхэм къалэжьа я улахуэри, нэгъуэщІ Іэнатіэ кьагъуэтыху зэрыпсэуну ахъши иратын хуеиІ. Япэ щыкІэ зы улахуэ хуэдиз иратри, иужькІэ, кьыкІэлъыкІуэ маэмри Іэнатіэ кьимыгъуэтамэ, аргуэру зы маэз лжкъапщІэ ират.

Іуэхущапіэм щІыхуэ телъмэ, Іуэхур мыпхуэдэу мэхъу. Сыт хуэдэ Іэнатіэ ими къаруи щиІэщ Граждан кодексым. Абы кьызэриІъуэвымкІэ, лэжьапІэм ныкъуэдкьуэ щыхъуахэми, зи узынщагъэр хэзылъхьахэми, аэ зэрызэхуащІыжым и зэранкІэ Іуагъэкіэхэми иратын хуеи ахъшэр япэ щыкІэ унафэщІым кьелытГ. Ар зыхуэфащэхэм яІэрыхьа нэхужь кьанэ мылькуращ Іуэхущапіэм банкым иритъыжынур. Лэжьакіуэхэм я Іуэхур тэмэм мыхъуауэ банкхэр хуиткъым Іуэжущапіэм ирата щыхуэмкІэ хагъэзыхьыну. КІэщІу жыпІэмэ, къэралыр лэжьакІуэм кьыщхьэщокъ, абы и телъхьэщ. Уеблэмэ Іуэхущапіэм налог кьыинкъымкъ, абы и лэжьакІуэхэм я улахуэр, пособиехэр, н.кь. тэмэм мыхъуауэ. А Іуэхуэхэм кІэлъыпольмкІ, ар суд Іуэжу ящІ.

Куэдрэ зэпохъу лэжьакІу ар зыгъэпсэхуакІуэ (отпуск) щыІэу ар и Іэнатіэм щыІуагъэкІ е кьидэкІыжауэ лэжьапІэм щыщІамыгъэхъэ. Апхуэдэм деж занщІэу пощтым кІуэуэ и унафэщІым телеграммэ хуигъэхьын хуеиІ, мыр ИТУ: «Сыкьыдэкіыжащи, лэжьыгъэм сыпэрагъэхьэркьым. Дапщэщ щІэздзэнк хьуну? Іуэхущапіэр іпІалъэкІ зэхуэфІащи, си мыягъэкІэ сызэрыщыбгъэсым хуэкІуэ ахъшэр кьызэ т». Жэуап кьрамытрэ - аргуэру телеграммэ егъэхь, е телефонкІэ щепсальэкІэ, ар диктофоным иregъэтх, Іуэхур судым нэсмэ, а дэфтэрхэр ди лэжьакІуэм сэбэп кьыхуэхьужынущ, ар зэрызэхуэм, лей кьызэрыльысам я щыхьэт хьунущ.

Апхуэдэу дызыщымыгъуазэ куэд хэлъщ хабзэм. Псальэм папщІэ, хабзэм кьеозэгъкьым лэжьакІуэм имыщІэу, ар мыарэзыуэ, ауэ щІэлъэхэм я деж фыкІуэ зэрыгъэзэмкІэ тхылым Іэ щІимыдзауэ, абы и улагъэм кІэрыгъэхуныр. Зеблэмэ Іуэхущапіэм и тхьэмадзэм апхуэдэ унафэ кьыдигъэкІами, абы кьаруи іэкъым, ар тхылымпІэм тету уагъэльэгъуауэ щытми. Ар зэрыт тхылымпІэм сурэт тефхыу судым е лэжьыгъэмкІэ инспекцэм фхы хьунущ. УщІэгъэвэн щыІэкъым: хабзэр лэжьакІуэм и телъхьэщ.

ЛэжьапІэм іуагъэкІынумэ, абы щыгъуэми унафэщІым абыкІэ хьыбар уигъэщІапхъэщ мазитІ ипэкІэ. Апхуэдэуи улагъэр ягъэмэщІэнуи, абы кІэ узэрыпэрэзмкІэ тхылым Іэ щІэбдзауэ щытын хуеиІ. А псори щымыІэрэ - уи ахъшэр ягъэмэщІэнуи, уІуагъэкІынуи зыри хуитыкьым, тэмэму улажьэмэ Іуэхущапіэм Іэнатіэу иІэр имыгъэмащІэу мыхъумэ лэжьакІуэхэм ящыщ щы Іуагъэкі щыІэщ. Абдежми зэрыжысІащи, мазитІ ипэкІэ хьыбар уагъэщІэн хуеиІщ. Пособие кьуатыпхъэри хьэзыпру щытмэ ия хьыфІщ, иужькІэ зэпы кьуэхьу кьыхэмыкІыжыпхъэ щхьэкІэ.

Куэдрэ зэохъэу «Отпуск щІыпсыуи дагъэкІуащ ауэ дыщысуи ядэркьымпи до лажьэ», е «Зыгъэпсэху гъуэ махуэхэми пщІэнщэу дагъэ лажьэ», жаІуэ. Абы теухуауи чэнджэщ щхьэхуэ сиІэщ. ПщІэнщэу от пуск фыкІуэну фыІарэзыуэ заявленэ фтхамэ абы зыри пхуеиІэжыну кьым, узыгъэлажьэм зы сом гуэри кьеІыпхыжыкІ фынукъым. Ауэ фэрі пщІэнщэу фылэжьэну кьыфтехуэркъым, ула хуэнщэу фызэрымылэжьнумкІи тхылъ вгъэхъэзыри унафэщІым ефт.

Ри щхьэ Іуэхум фы кьыщхьэщыжу суд пащ хьэм фихьэн фымыукІы тэ. Лэжьапіэм іУагъэкІамэ, къэдрэ зумыІэжьэу судым ептмэ нэхъыфІщ. Уэзрызахуэр, лей кьызэрыптехьар фІыуэ пщІэжмэ, хабзэр уэращ зи тельхьэу щытынур. Хабзэр фымыщІэмэ, япэ щыкІэ ар зыщІэхэм я деж фыкІуэ фечэнджэщ, ауэ ахэр уи дзыхь зэбгъэз хьун хуэдэу щытын хуеиІщ.

УнафэщІым кьыхуэдэ Іуэрэ уэ ухуейуэ уІукІы заявленэ уигъэтхамэ, пособиехэр кьуатынукъым. УщІыуІкІыну мах уэм тхьэмахуитІ иІэуэ заявленэ щыптхынкъым. А тхьэмахуитІым кьрунубыІэу ущІе гъуэжамэ, заявленэр кьІеІыпхыж хьунущ, уи пІэм нэгъуэщІ ирагъэувэ ну документ зымыгъэхьэ зырамэ.

Хабзэм кьызыгурымыІуэ гуэр хэлъмэ, упщІэ фиІэмэ юристхэм сыт щыгъуи чэнджэщ кьыватынущ.

ЗытхыжаІ

БОЛЭ Нурэщ.

У нэм щІэлъ Іэщэкъэгъэсэбэпурэ ар зейхэм лажьэншэ щыІкІуэ ящІэ: зэтраукІэм теухуа хьыбар-хэр щІэх-щІэхыурэ зэхьыдок. Апхуэдэ кІэ хъуакъэщІэхэм я щхьэусыгъуэхэр зырызщ: хэтэ фІыуэ ирагъэм кьыхьифІдзати, щы-хубз дунейм триІагъэгъэ мыхъу хьуащ, хэти (лэжьапІэншэу къэнати, и унагъэр напІэзыщІэм зэтриукІащ. Сыт хуэдэу хьуми, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр и Іэжьыну щІыхуэм псом япрауэ Іэмал кьезытыр и унэм щІэлъ Іэщэщ, ар зэрихьэну хунтынигъэ иІэми. Кьыщыгубжьа, и нэр гущІэгъуншагъэм кьыщыщхьэрипхъуа дакъикъэм абы Іэщэ кьыІэрымыхьамэ, Іуэхур нэгъуэщІ зыгъэру иухынкІэ хьунт. Мы Іуэхум къэраІ унафэ тещІыхьыи зэрыхуэкІи заул гъандэрэ куэд топсэлъыхь. ЦІыхуэхэм Іэщэ яІэн хуеи? А Іуэхум зэрепльыр зэлгъэшІэну дэри депсэлъащ щыІуэ зыбжанэм.

Хьэпэ Маринэ, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэщ: Куэд щІауэ къокІуэкІ а псалъэмакъыр. Пэжщ, щІэпхъаджащІэжэр кІуэ пэмкІ нэхъыбэ мэхъу, цІыхубэри абы хэзм ящыхъымэн хуеиІ, ауэ а Іуэхур тэмэму зыхуэзфІэкІынур кабзэхъумэ лэжьакІуэжэращ. Іэщэ кьэпщІэхуэ уи щхьэнтэ щІагъым щІэпІъхьэкІэ зэрэфІэкІкъым - абы ухуэІэзэу щытын хуеиІщ. АрІэ дауэ абы Іэзэ уэзрыхуэзхьунур, махуэ кьэс кьыщІымыгъэсэбэпкІэ? Араши, Іэщэ зехьэным, ар унагъэм и пІуныным пыщІауэ щІэпхъаджагъэ куэд кьохъу».

Данниль Къазбэч, студентщ -ЦІыхур и гумрэ и щхьэмрэ хуиту щытын хуеиІщ, ар хэти ирехъуи. Дауэ-тІэ унугуэ уи щхьэрэ зэтІъу узэрыпсэуну. Уи гъащІэм утешыныхьу, уи мылъкур пфІэкІуэдыкІэ щынагъэ щыІэ зыпытмэ? Іэщэ уиІэмэ, хунтынынгъэ уиІэнуц. Сэ хамэ зыгъэгъэ сыщІащ, Іэщэ зыІыгъэ щІалэгъуаІэ куэдми сахуэзащ. Ди щІалэгъуаІэмрэ абыхэмрэ зыкІи зэщхькъым. Дыдейэр гъащІэм темыгушхуэу, дзыхьмыщІу щытщ. Модрейэр мывэ зэпахьну хьэзырщ, гушхуауэ мэпсэу. НтІэ дэтхэнэр нэхьыфІ? Сэ сыкъалщтэмэ, сыкъаІуунущ зыЗбжыжьыкъым, спортми сыдекъхэх, зы щІалэ-щІалитІым сапыуыбыфынущ, ауэ зи жьым Іэщэ иІым сригъэкІуэтыфынущ, гугъу емыхьу. Араши, цІыхухэм Іэщэ зэрахьэну кьыраІым хуит ищІмэ, нэхъыфІу кьызолытІэ. Псоми Іэщэ яІыгъмэ, абыи шыІэныгъэ кьахилъхьэнущ цІыхуэхэм».

Жанатаевэ Іэсият, едджакІуэщ :-Сэ щхьэщІэщэу содджэ. Иджыпсту зыщІэзыгъасэ цІыхуэхьуэм я щхьэцыр щыщІрагъаІащ Іэнатіэм,Ефауэ цІыхухъу кьыщІэтхъуэкІуэ щыІэщ. Мыхъумыщ Іуэ зыкъыщІытхуащІи кьохъу, ауэ дэ тэмакъкІыхьу дахущыгъщ, Іуэхур куу дыдмыщІын папщІэ. СменитІу доладжьэри, ящынькъуэхэми гуваУэ сокІуэж. Пщыкъэщхъэ уи

Къэрали 158-м щыкIэлъыплъащ Налшык щекIуэкIа зэхьэзэхуэм



● ФИДЕ-м и Гран-при

Ди газетым зэрытетащи, мэлыжьыхьым и 14-м щегъэжьауэ 29 пщIондэ ФИДЕ-м шахматымкIэ и Гран-при зэхьэзэхуэм и еплIанэ Iыхьэу Налшык щекIуэкIар бэрэжьей пщыхьэщхьэм Музыкэ театрым зэхэхьэ дахэкIэ щызэхуащIыжащ.

«ХЬЭТХЭР, «Каллис то» ансамблхэм я артистхэм зэхалъхьа шахматет теплъэгъуэмкIэ зэIущIэм къыщIидзащ. Абы Iэгуауэ инкIэ IущIащ Музыкэ театрым кьекIуэлIаэр.

Ар зэрирухыу, псалъэ ираташ шахматымкIэ цыхухьухэм я Гран-при зэхьэзэхуэм и еплIанэ Iыхьэм и судья нэхъыщхьэ **Намруев Вячеслав.** Къызэхуэсахэр зэпеуэм кърикIуахэм щыгъуазэ ищIыну абы и кьалэнт:

- Дунейм и шахматист нэхъыфI 20-м ящыщу 14-р Налшык щыIа зэхьэзэхуэм хэтащ, - жиIащ Намруевым. - Зэпеуэр фIы дыдэу кьызэгъэпэща хьуауэ икIи ар зэрекIуэкIам Интернетым къыщызэIутха сайтымкIэ къэрали 158-м щыпсэуахэр кIэлъыплъащ. Урысей Федерацэм къищынэмыщIауэ, псом хуэмыдэу ар щафIэхьылэмэтащ Германием, Францкым, Америкэм и Штат Зэгъэтхэм, Армением, нэгъуэщI щыпсэхэми. ФIыуэ лэжьащ пресс-центрыр. Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIыр а дакьикъ дыдэхэм Интернетым иралъхьащ, джэгуГуэр нэужь кьэс бюллетенхэр кьыдагъэкIащ, - жиIащ Вячеслав.

Гран-при зэхьэзэхуэм и еплIанэ Iыхьэм кьрикIуахэм кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ящIащ - псоми ефIэкIри, абы яп эвыпIэр щиубыдащ очкоуэ 8,5-рэ зыIэрызыгъэхьа **Аронян Левон.** ТекIуам зы очкокIэ кьыдэрыхущ нэгъуэщI зы ермэлы гроссмейстер **Акопян Владимиррэ** Мэжэрыпм кьикIа (ар ермэлы малъхьэщ) **Леко Петеррэ.**

Зэпеуэм щытекIуар ягъэлъэпIэну утыку кьохьэ ФИДЕ-м и вице-президент **Джефри Борг,** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей,** КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн** сымэ. Зэхьэзэхуэм и ешIэгуаущ ящIыну Аронян Левон ират.

Армением и къэрал ныпыр яIэту гимныр ягъэзэщIа нужькIэ, Левон псалъэ ираташ.

- Хуабжьу си гуапэу мы щыпIэм сыщыIащ, сыту жыпIэмэ Налшык щызэрыщIыхуаикIи щызэрыша си адэ-анэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуауэ фIы куэд сыкъраГъэдаIуэри, сыкъ-рагъэжьат, - жиIащ текIуэныгъэм и дрэзэгъуэм итъэпIейтея Аронян. - Мыбы зэн сигу имыхужьи зэман гъуэзэдж щызгъэхIуащ. АбыкIэ фIыщIэ ин яхузощI ар кьызэзыгъэпэщахэм. Шахмат зэпеуэхэр щебгъэжьэкIыну Налшык хуэдэ щыпIэ зэрызыкIыр иджырп эз наIуэ хьауащ.

ФИДЕ-м и вице-президент Джефри Борг зэхьэзэхуэр фIы дыдэу кьызэгъэпэща зэрыхьуам кьыхэкIыу псалъэ гуапэхэр хужиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен.

- Дэнэкъи дэ щIэгъэкъуэнрэ дэIепыкIыэгъэрэ щыдгъуэташ. Дауи, ар зи фIыщIэр фи УнафэщI Къанокъуэ Арсенщ, - жиIащ абы. - Шэч кьыпсэхьэркъым дяпэкIи апхуэдэ Iуэхугъуэшхэр Налшык зэрыщекIуэкIынум. Иджыпгу-кIэ хуит сыкъэфщI ФИДЕ-м шахматымкIэ и Гран-при зэхьэзэхуэм и еплIанэ Iыхьэр ехьулIэныгъэкIэ зэрызэфIкIамкIэ хьыбар фэзгъэщIну.

Музыкэ театрым и сценэм кьрагъэблэгъащ зэпеуэм хэта псори. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIа лъэхъуэнэр гукъинэж ящыхьун папщIэ, абыхэм фэеплъ дамыгъэ лъапIэхэр хущIэкъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщ Аронян Левон щакIуэ хужь щатIэгъащ. Щхьэхуэу ягъэлъэпIащ дуней псом и чемпионэхэр зэхьэзэхуэм и техникэ чэнджэщэгъу Гапринданшвили Нонэрэ комментатор Спасский Борисрэ, эм тхыгъэ купщафIэхэмкIэ зэрыщыт и пщIэр къэзыIэта журналист щэрыуэхэу Васильев Юрий («Спортэкспресс» газет), Одесский Илья («Шахматы 64» журнал), Макарычевэ Маринэ («НТВ+» телеканал).

ХьэщIэхэр ди лъэпкъ щэнхабзэм щагъэгъуазэу, гуфIэгъуэ щыцIэхьэщхьэр яIэту утыкур ягъэбжьыфIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист щэрыуэхэу Нэхущ Чэрим, Зещэ Iэуес, Батыр Мухьэдин, Теппеев Алим, Хьэжькрокуэ Сультан, Газаев Алим, Шэрджэс Iэсият, Ракитин Ириня, «Хьэтхэр», «Каллисто», «Терсыке казаки» ансамблхэм, нэгъуэщIхэми.

Гран-при зэхьэзэхуэм и етхуанэ Iыхьэр щыщхьэIум, - гуапагъэ ящIащ, - ФИДЕ-м шахматымкIэ и Гран-при зэхьэзэхуэм и еплIанэ Iыхьэм зэрыщIыту кьрикIуахэр. Абы щыгъуазэ фыхудощI:

ХЬЭ ТАУ Ислъам.

Джэгуахэм кьаха увыпIэхэмрэ зыщыщхэмрэ	Къ.	З.	ФI.	О.
1. Аронян Левон *(Армение)*	5	7	1	8,5
2. Леко Петер *(Мэжэр)*	3	9	1	7,5
3. Акопян Владимир *(Армение)*	4	7	2	7,5
4. Грищук Александр *(Урысей Федерацэ)*	4	6	3	7
5. Бакро Этьен *(Франджы)*	3	8	2	7
6. Алексеев Евгений *(Урысей Федерацэ)*	2	9	2	6,5
7. Гельфанд Борис *(Украинэ)*	3	7	3	6,5
8. Камский Гатэ *(США)*	2	8	3	6
9. Свидлер Петр *(Урысей Федерацэ)*	2	8	3	6
10. Карякин Сергей *(Украинэ)*	3	6	4	6
11. Мамедьяров Шахрияр *(Азербайджан)*	2	8	3	6
12. Иванчук Василий *(Украинэ)*	1	9	3	5,5
13. Касымджанов Рустам *(Узбекистан)*	1	9	3	5,5
14. Ельянов Павел *(Украинэ)*	1	9	3	5,5

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *триахащ.*

● ХъыбарегъащIэ

Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым накьыгъэ маузэм ныпхуэдэ спектакль хэр щекIуэкIынущ:

Накьыгъэм и 6-м:
Хугаев Георгий. **«Бабыцэ, Хьэмыцэ, Хьэмел, Дарданел»** *(гущыIэ).*

Накьыгъэм и 13-м:
Шамхалов Мэжид. **«Гуащэ ябгэ»** *(гущыIэ).*

Накьыгъэм и 19-м:
Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Шэрджэс театрыр ди республикэм и хьэщIэщ.
КIэдэкIуей Артур. **«Мэжидрэ и фызхэмрэ»** *(гущыIэ).*

Накьыгъэм и 26-м:
Рей Куни. **«Цыхухъур, цIыхуIэзыр, хьэдэ мыцIыхуар...»** *(гущыIэ).*

Накьыгъэм и 29-м:
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** *(гущыIэ).*

СпектакIхэр щекIуэкIкIэ аэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI.
Театрым и художественнэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и ар тист **Шыбзыхьуэ Басирщ.**
ЩыщIидзэр сыхьат 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.
УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыписалъэ хьунущ: **42-64-94, 42-33-87**



● Футбол

ЗэрымыщIэкIэ къыдагъэкIа топ

«Локомотив» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:0 (0:0). Мэзкуу. «Локомотив» стадион. Накьыгъэм и 3-м. Щыхъ 11682-рэ еплъащ.

Судьяхэр: СУХИНЭ (Маховкэ). Болнин (Владимир), Пант елеев (Iуэ).

«Локомотив»: Чех, Семенков, Янбаев, Родолфо, Баша, Дуймович, Кочиш, Шарлес (Муджири, 83), Торбинский (Минченков, 70), Одемвингие (Иванов, 90), Сычев.

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченкэ, Джудович, Амисулашвили, Бырхъэм (Джатэрыв, 68), Мэшыкъуэ, Кисенков, Гогэ, ГъуэщокIуэ (Дзыхьмащ, 73), Концёвой (Бикмаев, 57), Леандру.

Хьмыр дигъэкIащ Дуймович, 66.

Дагъуэ хуащIащ: Дуймович, Торбинскэм, Муджири, Бырхъэмым, Кисенковым, Бикмаевым, Джудович.

Джэгум хахуащ: Гогэ.

Тхьэмахуэ кIуам «Спартак-Налшыкым» и кьыкIэлъыплъу зэIущIэр Мэзкуу щригъэкIуэкIащ. Абы и пэ кьыхуэу «Локомотив»-м и тренер нэхъыщхьэ Рахимов Рашид и кьулыкъум трагъэкIат. Щхьэусыгъуэр - 2009 гъэ зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ и командэм и джэгукIэм уифэщIкэр арэзы кьызэримыщIырц. Мэзкуудэсхэм я тренер нэхъыщхьэм и кьалэнэгъэ игъэззэщIну и пщэ кьыдагъэхащ нэхъапэм «Локомотив»-м щыджэгуа Маминов Владимир. ТренерыщIэм кьрагъэзэа дзыхьыр игъэпэжьын хуеят икIи абы налшыкдэсхэр пэщIэхуащ.

ЗэIущIэм и япэ дакьикъэхэм командэхэм яку зэныкъуэкъущхуэ дэтэкьыш. Зэман дэкIри, хэгъэрейхэм я джэгукIэр зэтраухуэну нужь ихьащ икIи хуэм-хуэмурэ ар кьайхьулIэ хьауащ. Апхуэдэу зэIущIэм и 13-нэ дакьикъэм хьащIэхэм я гъуащхьхьэмэхэм кьапекIуэкIри, Сычевыр пэущу топым еуащ, арщхьэкIэ Хомич абы кьригъэгъэзащ. КъыкIэлъыкIуэу топ дигъэкIну Iэмал хъарзынэ я кьыхукъуэкIат Дуймович, ауэ арт гъэм зыМащIэкIэ хуэзакъым.

Ди щIалэхэрэм мэзкуу дэсхэм ящIэну псоми кIэтхIыпIть кьудейуэ щытакъым. «Спартак-Налшыкым» щыщу япэу хэгъэрейхэм я гъуэм нэхъ гъунэгъуу екIуэлIар Бырхъэм Кьанемырщ икIи ар зэуа топыр гъуэм дэкIауэ куэдым кьащIыхьауащ. АрщхьэкIэ хъарыи и джабэмкIэ техуауэ арат.

КомандитIри апхуэдэу тIэкIурэ зэныкъуэкъуа нэужь, футболистхэр зэреГъэрыкIуэр нэхъ кIащхъэ хъуащ. Абыхэм зэманым и нэхъыбэр джэгуплIэ губгъуэм и кум щагъакIуэрт.

ЗэIущIэм топ щыдагъэкIын кьаIэн зэраIэр абыхэм ягу кьащIыкIыжар япэ Iыхьэр и кIэм нэблагъэуэщI. Налшыкдэсхэм я гъуэм ебгъэрыкIуэ Торбинскэр зыIущIэкI Кисенковым ар ириудащ. Ди гъуащхьхъуэмэм лъакъуэпэщIэдз зыхуищIа мэзкуудэсхэм я гъуащхьхъуэмэныкъуэмэ абы жэуап кьримытыжу хуэщэчакъым. Зэныкъуэкъу къэхъеяр судьям игъэувыIащ, щIалитIми дагъуэ яхуищIри. Щэху хьужа командэхэр «къызэщIигъэстыжащ» Гогэ зэIущIэм къызэрыхахуам. Торбинскэм и лъакъуэм еуа нэужь, ар судьям губгъуэм иригъэкIащ.

Судьям и фIыгъэкIэ зы цIыхукIэ нэхъыбэ хъуа «Локомотив»-м джагум и етIуанэ Iыхьэр нэхъ жыджэру щIидзащ. Мыпхуэдэ зэIущIэ хьэтъэм дэтхэнэ зы футболистри командэм и джакIэ дыщэ пэтыпытэт. Япэ дакьикъэхэм бжыгъэр кьызэIуахьи Iэмал зыбжанэ яIащ мэзкуудэсхэм. Апхуэдэу угловой зэуам зыри пъэмыIэсу топыр губгъуэм икIащ. Дакьикъэ зыбжанэ дэкIри, Кочиш и закъуэу Хомич бгъэдыхьащ, арщхьэкIэ Дмитрий и Iэзагъ лъагэр кьиригъэпэгъуащ.

Зэныу имыIэу зэреБгъэрыкIуэм хэгъэрейхэм ехьулIэныгъэ къаухиIащ. Родолфо штрафнойуэ кьита топыр зэрымыщIэкIэ Дуймовичым и щIыбым техуэри, гъуэм дыхьащ.

«Спартак-Налшыкым» Iуэхур игъэзэкIуэжьну нужь ихьащ. Гупыщхуэу зыбжанэ рэ ди щIалэхэр мэзкуудэсхэм я гъуэм ебгъэрыкIуащ, арщхьэкIэ командэм и кIэн мы зэIущIэм кьыщикIакъым.

Мыдрей зэIущIэхэм кьахбгъэшыну хуэфащIщ «Сатурн»-мрэ «Рубин»-мрэ ейр. Мыбы кьэзандэсхэр 5:0-у щытекIуэри, зэпеуэм бжьыпэр щаубыдыжащ

Адрей командэхэм я зэIущIэхэр мыпхуэдэу нухащ: «Томь» (Томск) - «Терч» (Грозный) - **2:1**, «Спартак» (Мэзкуу) - «Динамо» (Мэзкуу) - **0:2**, «Амкар» (Перм) - «Москва» (Мэзкуу) - **0:1**, «Крылья Советов» (Самарэ) - ЦСКА (Мэзкуу) - **1:3**, «Ростов» (Дон Iус Ростов) - «Зенит» (Санкт-Пётербург) - **2:1**, «Химки» (Химки) - «Кубань» (Краснодар) - **2:2.**

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэкIынущ. Накьыгъэм и 11-м абыхэм кьрагъэблагъэнущ «Химки»-р.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	**7**	**4**	**2**	**1**	**13-3**	**14**
2. «Москва»	**7**	**4**	**2**	**1**	**7-3**	**14**
3. ЦСКА	**7**	**4**	**1**	**2**	**14-5**	**13**
4. «Крылья Советов»	7	4	1	2	8-5	13
5. «Динамо»	7	4	0	3	7-7	12
6. «Зенит»	7	3	3	1	12-7	12
7. «Ростов»	7	3	3	1	6-4	12
8. «Спартак»	7	3	1	3	8-7	10
9. «Томь»	7	3	1	3	5-7	10
10. «Локомотив»	7	2	3	2	7-9	9
11. «Терч»	7	2	2	3	5-7	8
12. «Кубань»	7	2	2	3	5-8	8
13. «Амкар»	7	1	3	3	2-6	6
14. «Спартак-Налшык»	**7**	**1**	**2**	**4**	**5-7**	**5**
15. «Сатурн»	**7**	**1**	**2**	**4**	**5-14**	**5**
16. «Химки»	**7**	**0**	**2**	**5**	**7-17**	**2**



Накьыгъэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджьжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичынджыр	Ахьшэмыр	Жасыр
5, гъубж	4.24	5.54	13.13	17.09	20.12	21.51
6, бэрэжьей	4.22	5.53	13.13	17.09	20.13	21.52
7, махуэку	4.21	5.52	13.13	17.09	20.14	21.53
8, мэрем	4.20	5.50	13.12	17.10	20.15	21.54
9, щэбэт	4.19	5.49	13.12	17.10	20.16	21.56
10, тхъэмахуэ	4.17	5.48	13.12	17.10	20.17	21.57
11, блыщхьэ	4.16	5.47	13.12	17.11	20.18	21.58
12, гъубж	4.15	5.46	13.12	17.11	20.19	21.59
13, бэрэжьей	4.14	5.44	13.12	17.12	20.21	22.00
14, махуэку	4.13	5.43	13.12	17.12	20.22	22.01
15, мэрем	4.12	5.42	13.12	17.12	20.23	22.02
16, щэбэт	4.11	5.41	13.12	17.13	20.24	22.03
17, тхъэмахуэ	4.10	5.40	13.12	17.13	20.25	22.04
18, блыщхьэ	4.09	5.39	13.12	17.13	20.26	22.05
19, гъубж	4.08	5.38	13.12	17.14	20.27	22.07
20, бэрэжьей	4.07	5.37	13.12	17.14	20.28	22.08
21, махуэку	4.06	5.36	13.12	17.14	20.29	22.09
22, мэрем	4.05	5.35	13.12	17.15	20.30	22.10
23, щэбэт	4.04	5.35	13.13	17.15	20.31	22.11
24, тхъэмахуэ	4.03	5.34	13.13	17.15	20.32	22.12
25, блыщхьэ	4.02	5.33	13.13	17.16	20.33	22.13
26, гъубж	4.02	5.32	13.13	17.16	20.34	22.13
27, бэрэжьей	4.01	5.31	13.13	17.16	20.35	22.14
28, махуэку	4.00	5.31	13.13	17.17	20.36	22.15
29, мэрем	4.00	5.30	13.13	17.17	20.37	22.16
30, щэбэт	3.59	5.29	13.13	17.17	20.38	22.17
31, тхъэмахуэ	3.58	5.29	13.13	17.18	20.39	22.18

Япэ ищами...

● ЩIалэгъуалэ зэпеуэ

«Локомотив» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Мэзкуу. «Локомотив» стадион. Накьыгъэм и 2-м. Щыхъ 300 еплъащ.

Судьяр Дзунович (Мэзкуу).

«Локомотив»: Гомельхэ, Миланович, Беляев (Шарифи, 90), Гатагов (Деобальд, 46), Войнов (Нуров, 76), Павлов, Чочиев, Самохин, Дьяков, Пилиев (Полоз, 46. Панковец, 83), Фомин.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн (Лорие, 46), Феррейрэ (Михеев, 64), Плиев, Соблир, Балз (Бураев, 46), Къумыкъу, Щэрий, Кьуэныкъ, Захаров (Кьубий, 74), Эрум, Фелипе (Шумейкэ, 46).

Топхэр дагъэкIащ: Фелипе, 42 (0:1). Миланович, 56 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ: Плиевым, Милановичым, Гатаговым, Лорие, Шумейкэм, Дьяковым.

Премьер-лигэм хэт командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэм я зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зы «Локомотив»-м зыкIи кьыпимыкIуэту налшыкдэсхэм зэIущIэр кьыщIадзащ икIи хэгъэрейхэр кьэдгъэпIейтещ. Псом хуэмыдэу кьызэрыкIат Фелипе. Ар пъэщу ебгъэрыкIуэрт. Аращ джагум и япэ Iыхьэр и кIэм нэблагъэуэ бжыгъэ кьызэIузыхари.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и къалэн нэхъыщхьэр текIуэныгъэр ихъумэныр. АрщхьэкIэ ар Iэхуу тыншу кьыщIэкIакъым. 56-нэ дакьикъэм хэгъэрейхэм бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжьащ.

Мы зэIущIэм къыщахьа зы очком и фIыгъэкIэ ди щIалэхэр зэпеуэм и 12-нэ зэвыпIэм къыщыIащ.

Иджы щыгъуазэ фыдоущI адрей командэхэм я щIалэгъуалэ гупхэр зэрызэдзэгуам кьарикIуахэм. Мис ахэр: «Спартак» - «Динамо» - 5:2, «Сатурн» - «Рубин» - 1:2, «Томь» - «Терч» - 0:0, «Амкар» - «Москва» - 1:2, «Химки» - «Кубань» - 3:1, «Крылья Советов» - ЦСКА - 1:3, «Ростов» - «Зенит» - 1:4.

КЪЭХЪУН Бэч.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Кавказ Хасэхэм я федерацIэу Тыркум щыIэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Пэрыт» зэгухьэныгъэм хьыбар фагъащIэ Мюнхен (Германие) щылажьэ Адыгэ Хасэм и Iуэхухэм ильэс щыкIуауэ жыджэру хэт **Дидан Сеф МэщIу и къуэр** дунейм зэрехьажамкIэ икIи абы и унагъуэм, и Iыхьлыхэм яхуогузавэ.

КъБР-м и Президентым и Администрацием рэ и Iуэхугъэ зэкIэлъыгъакIуэ Управленэмрэ я лэжьакIуэхэр КъБР-м и Президентым и Администрацием и лэжьакIуэ **Бозиевэ Людмилэ Архот и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Бозиев Сэхьид Архот и къуэр**дунейм зэрехьажам кьыхэкIыу.

ЗэIущIэ нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ,
«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:

ДызэрымэщIам и зэран къыдэкIащ

- Мыдейуэ зытхъумэжащ, дызэребгъэрыкIуам зыри къыпэмыкIуами. Командэр нэхъ машIэу къэна нэужь, дэштрафнойхэр къэдгъэсэгъэныну дыщыгугъащ, ауэ абыхэми, ди жагъуэ зэрыхъуащ, зыри къытхуащIакъым.

- Гогэ дэзэгум кьызэрыхахуам теухуауэ сыт кьыджепIэн?

- Ар кьызэрыхьуам етIуанэу селплъжакъым, ауэ, кьызэрыщыIэкIыр ди щIалэхэр зэжьэхуэакъым. Судьям сыбгъэдыхьат, ди футболистыр щIрихуар кьэсIэнуи, гуащIэу зэрыпэщIэтэрауэ жэуап кьызитащ. Футболыр е зыр арац зэрызэхэтыр. Апхуэдэу щыхьукIэ, Торбинский Дмитрий и теплъэ зыхъуэм щхьэкIэ бгъэджэгу хьунукъым.

● ● ● ● ● ●

МАМИНОВ Владимир,
«Локомотив»-м и тренер нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ:

ТекIуэныгъэкIэ къыщIыдодзэ

- ЗэIущIэр гугъуу щытащ. ЗыкъомкIэ ар епхащ хьэщIэхэм я футболистыр зэрыраухуам, абы и ужькIэ ди къэбзэгъэрэгъухэм захъумэжыныкъ кьару нэхъыбэ зэрыхуахам. Ауэ зэрытекIуам щхьэкIэ щIалэхэм фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ. Фи фIэщ фщIы - зы цIыхукIэ унэхьыбэм уджэгну хьэлъащ. Апхуэдэу фIыщIэ яхуэсщ командэм къыдэщIыну зэIущIэм кьекIуэлIаэм.

- Рахимов Рашид темыкI щIыкIэ фытекIуэну кьызэлъэIуат. ТекIуэныгъэмкIэ кьыдэхъуэхуа ар?

- Хьэуэ. Ауэ си гугъэщ ар иджыри кьаKIуэу е къэпсалъэу кьыдэхъуэхуну.

- Нобэ япэу тренер нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зэрыбгъэзащIэм кьыхэкIыу угуавэрэ?

- Шэч хэмылъу. ЩIалэхэм щхьэкIэ сыгуавэрт. Футболист зыбжанэ зэман кIыхькIэ мыджэгуауэ губгъуэм зыгъэхьат. Си гуапэщ псори кьызэрыдэхьулIар.

- Глушаков Денис сыт кьыщыщIар?

- ЩIалэм махуищ и пэкIэ фэбжь игъуэтащ. КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм ирихьэлIэу кьытхыхьэжьну согугъэ.

- Уэ тренер нэхъыщхьэ уэрыхьуэ сыткI командэм зихьужа, сыт иджыри зэнхьуэкIыну мурад?

- Футболистэм я гукъыдэжым зыкъыIэтыжащ. ЗэкIэлъэхьэжьу къьмыхьулIа зэIущIэхэм я лъэр щIидат. Нобэрей текIуэныгъэм я лъэр жан ищIыну си гугъэщ. Лэжьыгъэ ди куэдщ. Ахэр машIэ-машIэурэ зэфIэтхащ.

- ФызэрытекIуар вгъэлъэпIэну?

- Мыр иджыри щIэдзапIэщ, тщIэнум и зы Iыхьэ цIыкIущ. ЗэкIэ гъэлъэпIэн Iуэху зетхуэнукъым.

- Сыт нэхъ гугъур, футболисту джэгупIэ губгъуэм укьихьэнра, хьэмрэ тренер гъжьигъэра?

- Ахэр зыкIи зэщхькъым. Зыбжанэрэ губгъуэм сильэдэну сыхуеят, ауэ ерагъкIэ зысIыгъащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Хьэфыцэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэжь Марин**, **ГъуцIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ЭХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIэнэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхугъэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапх эм ядэлажьэхьэмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапх эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэу зэпыту щытекIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIэ и пщэ дэтыщ КъБР-м федераль пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щIигу ягъуащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2,4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Юрэ** *(1,3-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIныкьуэгъу Иуан Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, ГъукIэ Iа Рае, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн сыхьэт щыкIэ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.30-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1377